

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dumasar kana klasifikasi période gelarna, warna karya sastra di tatar Sunda dibagi kana dua bagian nyaéta karya sastra Sunda heubeul jeung karya sastra Sunda anyar. Dina unggal période aya tilu wangun karya sastra nya éta prosa, puisi, jeung drama (Isnendes, 2010, kc. 21). Nu ngabédakeun antara période heubeul jeung anyar téh nya éta tina génré karyana. Contona wangun puisi sastra heubeul mah aya guguritan jeung wawacan. Anapon, wanda puisi dina sastra Sunda anyar mah aya sajak. Kaayeunakeun mah karya sastra Sunda nu réa gumelar nya éta sajak, carpon, jeung novél.

Salah sahiji warna tina karya sastra heubeul nya éta guguritan. Guguritan miboga harti puisi nu dijieun nurutkeun padika pupuh. Puisi guguritan geus ditulis saprak abad ka-19, sababna lantaran di éta mangsa can aya pangaruh sastra Éropa upamana sajak, carpon, jeung novél. Jadi, nu ngagurit leuwih réa nulis puisi nu kauger ku aturan pupuh. Sajabaning kitu, jaman harita sastra Jawa masih kuat pangaruhna kana kahirupan sastra di tatar Sunda. Nepi ka kiwari karya sastra guguritan masih sok aya nu nulis, tapi teu réa saperti bihari. Ditilik tina ajénna, guguritan réa maké basa nu éndah pikeun ngahontal éstetika dina karyana. Salian ti éta, diksi nu dipaké bisa nuduhkeun kabeungharan kecap nu dipibanda ku nu ngaguritna.

Satuluyna, saperti nu ditétélakeun ku Ajip Rosidi masarakat Sunda miboga pamadegan yén materi sastra nu pangéndahna nyaéta guguritan (dangding). Éta pamadegan ngabalukarkeun hiji asumsi yén karya sastra nu miboga kualitas luhung nyaéta karya sastra nu di jerona miboga unsur guguritan. Ku kituna, di mimiti abad ka-20 réa karangan prosa nu diuwuhan ku guguritan minangka panglengkep eusi karya sastrana. Upamana dina novél *Mantri Jero* (1928) karya R. Méméd Sastrahadiprawira

jeung dina novél *Baruang ka Nu Ngarora (1913)* karya D.K Ardiwinata (Hendrayana, 2018. kc. 37-38).

Dina taun 90-an, dunya puisi Sunda geunjeung lantaran medalna buku *Jamparing Hariring* karya Dedy Windyagiri anu ditulis taun 1992, ieu mangrupa buku kumpulan guguritan Sunda nu munggaran dina kasusastraan Sunda. Saprak ayana buku *Jamparing Hariring* karya Dedy Windyagiri, tuluy nu ngagurit séjén saperti Dyah Padmini jeung Etti RS remen ngamuat guguritan kana surat kabar jeung majalah édisi harita. Kitu deui Wahyu Wibisana nulis hiji buku nu judulna *Riring-riring Tjiawaking* nu medal taun 2004. Ieu mangrupa salasahiji buku kumpulan guguritan periode nu munggaran di tatar Sunda. Salian ti éta, Wahyu Wibisana kawilang pangarang nu rancagé dina nulis karya sastra. Kacetet wangun karya sastra nu ditulis ku Wahyu Wibisana di antarana naskah drama (*Tukang Asahan, Geber-geber Hihid Aing, Tonggérét Banén*), naskah gending karesmén (*Dur Mangkur Dipatiukur*), carita pantun (*Mundinglaya Dikusumah*), kumpulan sajak (*Urang Naon di Cinaon, Bungur Jalan ka Cianjur*), kumpulan carpon (*Hiji Tanggal nu dipasinikeun*), karangan (*Anaking Jimat Awaking*), jrrd. Sajumlah karya nu ditataan di luhur kaasup kana karya sastra.

Nurutkeun kamus Basa Sunda R.A. Danadibrata kecap sastra miboga harti tulisan atawa buku, sedengkeun karya sastra nyaéta karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa. Jejer karya sastra téh enas-enasna mah ngurung sakumna kahirupan manusa dina harti jembar. Karya sastra ogé bisa ngabalukarkeun kasugemaan rasa, emosional, batiniah, awor antara éfék basa ngawengku alat, cangkang, jeung eusina (Iskandarwassid, 1996, kc. 138). Patali jeung hal éta Teeuw (Teeuw, 1984, kc. 20) nétélakeun yén karya sastra téh mangrupa salah sahiji hal anu diciptakeun ku hiji jalma, nu di tepikeunana ku cara komunikatif ngeunaan maksud panulis pikeun udagan éstétika. Éstétika dina karya sastra ogé bisa katingali upama ditilik tina basa jeung eusina.

Djelantik (1999, kc. 9) nétélakeun yén élmu éstétika nyaéta élmu nu maluruh ngeunaan sagala hal nu patali jeung kaéndahan, ogé maluruh sakabéh aspék tina naon-naon nu disebut kaéndahan. Kaéndahan dibagi jadi dua bagian, aya nu disebut

kaéndahan alami (nu teu dijieun ku manusa), aya ogé nu disebut kaéndahan nu diciptakeun jeung diwujudkeun ku manusa. Duanana mangrupa hal nu bisa dirasakaeun ku manusa ngaliwatan panca indera, utamana *visual* jeung *audiktif*. Nurutkeun Djelantik (1999, kc. 17) sakabéh barang atawa kajadian seni ngawengku tilu aspék nu jadi dadasar, nyaéta: 1) wujud atawa rupa (Ing: *appearance*); 2) bobot atawa eusi (Ing: *content, substance*); jeung 3) pintonan atawa *performance* (Ing: *presentation*).

Guguritan dina buku *Riring-riring Tjiawaking* karya Wahyu Wibisana, aya sababaraha nu medar ngeunaan kaéndahan alam Sunda. Salah sahijina dina guguritan nu judulna “Mipit Leuit Sinaresmi” nu ditulis maké pupuh asmarandana, “Dayeuh Bandung” nu ditulis maké pupuh asmarandana, “Di Tetelar Rancapaku” nu ditulis maké pupuh kinanti, jrrd.

Dina mangsa populérna, aya sababaraha guguritan Wahyu Wibisana anu digunakeun pikeun péntas seni cianjuran sarta upacara ritual ku komunitas seni Mayang Binekas (Bandung). Salian ti éta, naskah-naskah guguritan nu ditulis ku Wahyu Wibisana réa dipikatinéung ku para juru tembang Sunda cianjuran, di antarana guguritan asmaranda “Mahoni di Cipaganti”, sinom “Nonggoh Jalan ka Kuningan”, atawa guguritan dangdanggula “Duh Pameunteu Teuteupan Awaking”.

Hal nu jadi ngirut pikeun nalungtik ieu buku salah sahijina nyaéta aya sababaraha hiji guguritan nu ditulis maké pupuh asmarandana jeung sinom nu béda jeung aturan pupuh ilaharna. Ari sababna, lantaran guguritan nu ditulis ku pangarang aya sababaraha hiji nu dijadikeun rumpaka tembang cianjuran. Ieu hal pikeun ngahontal udagan rumpaka nu kudu luyu jeung irama atawa nada dina tembang. Satjadibrata (1953, kc. 13-17) nétélakeun yén padalisan kalima dina pupuh asmarandana miboga guru wilangan nu jumlahna 7, tapi dina sababaraha guguritan karya Wahyu Wibisana nu ditulis maké pupuh asmarandana miboga guru wilanganna 8. Ieu di handap aya conto salah sahiji pada dina guguritan nu judulna “Dayeuh Bandung”.

Kanari nu Dayang Sumbi, (8i)
Rék dituar ku nu bedang, (8a)

Abong-abong atuh entong,	(8é/o)
Lebar ajang pangauban,	(8a)
Cenah hayang lalayaran,	(8a)
Parahu tonggoheun Bandung,	(8u)
Ditangkubkeun ku guriang.	(8a)

Panalungtikan anu medar ngeunaan guguritan téh lain anu munggaran. Aya sababaraha panalungtikan saméméhna dina wangun skripsi jeung tesis, di antarana nyaéta “Ajén Agama Guguritan Haji Hasan Mustapa Ulikan Struktural jeung Heurmeunitik kana Guguritan Kinanti Kulu-Kulu ku Nursyamsiah N Astini (2012)”, aya ogé “Ajén Éstetika Dina Kumpulan Guguritan Lagu Ngajadi Karya Dian Hendrayana pikeun Bahan Pangajaran Guguritan di SMA kelas X ku Yaman Al Fashli (2016)”, aya ogé panalungtikan anu judulna “Gaya Basa Rétoris dina Kumpulan Guguritan Lagu Ngajadi Karya Dian Hendrayana pikeun Bahan Pangajaran di SMP ku Eva Rahmawati (2017)”, aya deui nu judulna “Ulikan Struktural jeung Ajén Estétika dina Kumpulan Sajak jeung Guguritan karya Dedy Windyagiri ku Rosita Pasta Aulina (2019)”, nu pamungkas, dumasar panulisna aya skripsi nu panganyarna nu judulna “Naskah Gending Karesmén Si Ujang jeung Doraémon karya Wahyu Wibisana: Ulikan Struktural jeung Etnopédagogi ku Nurul Rahmi Widiawati (2020)”.

Bédana jeung panalungtikan saméméhna, ieu panalungtikan medar ngeunaan struktur guguritan, struktur puisi, jeung éstétika anu aya dina buku *Riring-riring Tjiawaking (Kumpulan Guguritan)* karya Wahyu Wibisana. Ku kituna ku tinimbangan di luhur, ieu panalungtikan dijudulan “Kumpulan Guguritan *Riring-riring Tjiawaking* Karya Wahyu Wibisana (Ulikan Struktural jeung Éstétika)”.

1.2 Idéntifikasi Masalah

Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan éstétika. Ku sabab ambahan éstétika kawilang lega, ieu panalungtikan téh rék diwatesanan medar unsur éstétika nu ngawengku wujud, eusi, jeung pintonan.

Sakumaha nu geus didadarkeun di luhur sangkan ieu panalungtikan puguh jujutanana, panalungtik ngaidéntifikasi sababaraha masalah nyaéta.

- 1) Kurang kairutna masarakat kana nulis guguritan lantaran ayana aturan nu jadi ugeran pikeun nulisna.
- 2) Nulis guguritan téh kawilang bangga keur nu ngagurit sarta kurangna média anu medar ngeunaan guguritan.
- 3) Guguritan ogé kawilang bangga pikeun ditembangkeun ku masarakat, ku sabab kudu luyu jeung aturan pupuh nu aya.

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur lahir puisi (diksi, imaji, kecap kongkrit, majas, jeung rima/purwakanti) dina buku *Riring-riring Tjiawaking* (Kumpulan Guguritan) karya Wahyu Wibisana?
- 2) Kumaha struktur batin puisi (téma, nada, rasa, jeung amanat) dina buku *Riring-riring Tjiawaking* (Kumpulan Guguritan) karya Wahyu Wibisana?
- 3) Kumaha adegan (struktur) guguritan dina buku *Riring-riring Tjiawaking* (Kumpulan Guguritan) karya Wahyu Wibisana?
- 4) Ajén éstétika dina buku *Riring-riring Tjiawaking* (Kumpulan Guguritan) karya Wahyu Wibisana.

1.4 Tujuan Panalungtikan

1.4.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun ngeunaan struktur guguritan, puisi, jeung ajén éstétika nu ilaharna dina buku *Riring-riring Tjiawaking* (Kumpulan Guguritan) Karya Wahyu Wibisana.

1.4.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun sababaraha hal, nyaéta.

- 1) Adegan (struktur) lahir puisi (diksi, imaji, kata kongkrit, majas, jeung rima/purwakanti) anu aya dina buku *Riring-riring Tjiawaking* (Kumpulan Guguritan) karya Wahyu Wibisana.
- 2) Adegan (struktur) batin puisi (téma, nada, rasa, jeung amanat) dina buku *Riring-riring Tjiawaking* (Kumpulan Guguritan) karya Wahyu Wibisana.
- 3) Adegan (struktur) guguritan anu aya dina buku *Riring-riring Tjiawaking* (Kumpulan Guguritan) karya Wahyu Wibisana.
- 4) Ajén éstétika anu aya dina buku *Riring-riring Tjiawaking* (Kumpulan Guguritan) karya Wahyu Wibisana.

1.5 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré mangpaat boh sacara téoritis boh praktis, saperti ieu dihandap.

1.5.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré loba mangpaat ogé pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan hal-hal anu patali jeung téori sastra hususna guguritan.

1.5.2 Mangpaat Kawijakan

Pamaréntah geus ngatur kawijakan ngeunaan pemeliharaan basa, sastra, jeung aksara daérah. Ieu diatur dina Peraturan Daérah Provinsi Jawa Barat Nomor 14 Taun 2014 nu mangrupa parobahan kawijakan Peraturan Daérah Nomor 5 taun 2003. Ku ayana ieu kawijakan, panulis salaku urang Sunda miboga kereteg pikeun ngaraksa, ngariksa, tur ngamumulé basa jeung sastra Sunda ngaliwatan panalungtikan dina wangun karya monuméntal (skripsi).

1.5.3 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, nyaéta:

- 1) pikeun pangarang, ieu panalungtikan baris meunang gambaran ngeunaan kamekaran, kehéngkérán jeung kaonjoyan karyana, tur ngagambarkeun éstétika ngaliwatan medar karyana (kumpulan Guguritan);
- 2) pikeun nu nalungtik, mikanyaho sarta nambahan pangaweruh anyar ngeunaan struktur guguritan, struktur puisi, jeung éstétika anu aya dina buku *Riring-riring Tjiawaking* (Kumpulan Guguritan) karya Wahyu Wibisana;
- 3) pikeun masarakat, hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih dipikawanoh sarta nyadarkeun masarakat ngeunaan kabeungharan karya sastra hususna guguritan, nu antukna masarakat bisa ngamumulé karya sastra sunda. Masarakat bisa ngajaga sarta ngagunakeun basa sunda nu alus tur hadé.

1.5.4 Mangpaat Segi Isu jeung Sosial

Eusi dina buku kumpulan guguritan *Riring-riring Tjiawaking* karya Wahyu Wibisana réa nu medar ngeunaan kaéndahan alam. Lian ti éta eusina ngagunakeun kekecapan nu ahéng dipikaharti ku masarakat. Ieu lantaran urang Sunda geus langka ngagunakeun basa sunda nu bener tur merenah. Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bakal bisa méré pangaweruh anyar ngeunaan kekecapan nu langka digunakeun ku urang Sunda.

1.6 Raraga Tulisan

BAB I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori-tiori nu aya dina panalungtikan, eusina medar leuwih jero ngeunaan guguritan, strukturalisme (struktur guguritan jeung struktur puisi), éstétika, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

BAB III Metode Panalungtikan, eusina ngabahas ngeunaan metodologi panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumen panalungtikan, jeung léngkah-léngkah panalungtikan.

BAB VI Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, dina ieu bab dipedar sagemblengna hasil tina analisis panalungtikan nu dilaksanakeun. Eusina medar ngeunaan struktur lahir puisi, struktur batin puisi, struktur guguritan, jeung éstétika dina buku buku *Riring-riring Tjiawaking* (Kumpulan Guguritan) karya Wahyu Wibisana.

BAB V Kacindekan jeung Saran, mangrupa bagian pamungkas tina skripsi, eusina nyaéta kacindekan jeung saran. Eusi tina kacindekan nyaéta ringkesan tina sakabéh hasil panalungtikan. Salian ti éta aya saran nu ditepikeun panulis keur nu maca sangkan panalungtikan kahareupna bisa leuwih hadé.